Èske w gen yon reyinyon IEP nan jou k ap vini yo? Ou pa bezwen fè pwosesis la poukont ou!

Yon manm paran se yon paran yon timoun ki gen andikap ki resevwa fòmasyon, ki te pase nan pwosesis IEP a epi ki pare pou sipòte ou.



Manm paran ede ou:

- Santi w gen plis konfyans pandan reyinyon an
- Konprann desizyon y ap pran yo
- Jwenn repons pou kesyon ak enkyetid ou genyen
- Gen yon moun ki fè eksperyans lan bò kote w

Fè demand pou gen yon manm paran

Fè **Komite Edikasyon Espesyal** (Committee on Special Education CSE) ou a oswa ekip IEP lekòl la konnen omwen 72 èdtan (3 jou) alavans — pa imèl, pa telefòn, oswa anpèsòn.

Eskane kòd QR (QR code) pou jwenn plis enfòmasyon konsènan CSE a

Ou gen kesyon, bezwen klarifikasyon, oswa gen enkyetid?
ParentIEPMember@schools.nyc.gov

NYC Public Schools

schools.nyc.gov/specialeducation | parentiepmember@schools.nyc.gov | 311

T-39529 (Haitian Creole)